



# Lakou Dèyè e Pi Lwen

## Syans pou jou la nèj

### Ranmase flankon nèj

#### Kisa ke ou bezwen:

- Papye oubyen twal nwa oubyen ble fonce
- Loup (Si ou pa gen yon loup, ou kapab eseye yon aplikasyon gratis tankou, Magnifying glass with Light "Loup a limyè")
- Jou la nèj!

#### Bagay pou Eseye:

Eseye desine flankon nèj ke ou atrape yo. Kòmanse yon jounal e rapòte done tankou date, lè nan jounen an, tanperati, ak konbyen la nèj ki te tonbe jou sa. Bay tèt ou defi pou kapab idantifye diferan tip de flankon nèj ou atrape, sèvi ak gid tankou sa ou jwenn nan [snowcrystals.com](http://snowcrystals.com).

#### Kisa pou fè:

- Mete yon moso papye oubyen twal nwa oubyen ble fonce nan frizè. Eseye kenbe'l osi plat ke posib.
- Pwochen fwa la nèj tonbe, pran papye/twal ki finn friz la deyò pou atrap flankon nèj. Sèvi ak yon loup pou kapab gade flankon nèj la de prè. Kisa ke ou konstate?



### Bononm nèj kab fonn

#### Kisa ke ou bezwen:

- De moso twal ki menm gwosè, youn koulè pal ak youn koulè fonce (Gwosè a kapab detèmine pa kante nèj ke w'ap eksperimante avè'l)
- Yon jou ki gen solèy ak la nèj atè a.

#### Kisa pou fè:

- Fè de men menm gwosè bononm nèj, oubyen bèt la nèj, oubyen pil nèj, ets. Kreyasyon nèj ou yo sipoze kapab antre anba twal ou a.
- Kouvri yon bononm nèj ak yon twal koulè fonce e yon lòt bononm nèj ak yon twal pal.
- Peryodikman, cheke sou bononm nèjo yo. Kisa ke ou konstate? Eske youn fonn pi vit ke yon lòt?

### Nèj nan yon bokal

#### Kisa ke ou bezwen:

- Yon bokal klè, li kapab platik oubyen glas
- Jou la nèj!

#### Kisa pou fè:

- Pwochen fwa la nèj tonbe, ranpli bokal nan bouch ak la nèj.
- Pote li anndan pou ke nèj la fonn nan bokal la.
- Jis ki kote dlo a rive nan bokal la? Kisa ke ou panse kap pase?